


# Plis enfòmasyon sou nouvo règ Key to NYC a konsènan egzijans vaksen COVID-19 pou pwopriete biznis ki touche yo

Apati semèn 12 mwa dawou a, anplwaye ak kliyan (sa ki gen 12 lane oswa pi gran yo) ki nan yon aktivite lwazi, k ap manje, oswa k ap fè aktivite fizik anndan etablisman an oblije montre prèv yo te pran omwen yon dòz vaksen COVID-19 la. Kòm yon biznis ki dwe respekte règ sa a, ou oblije verifye si anplwaye ak kliyan ou yo vaksinen epi se sèlman moun ki vaksinen yo (sa ki deja pran omwen yon dòz yo) ou sipoze kite antre nan biznis ou a. Pou yon lis ak tout biznis ki dwe respekte règ sa a, verifye ale sou [nyc.gov/keytonyc](https://nyc.gov/keytonyc). Y ap kòmanse mete règ sa an aplikasyon **13 septanm 2021**.

Men yon lis bagay ou sipoze verifye pou w sèten biznis ou a pare pou nouvo règ sa a:



- **Mete afich NYC DOHMH Key to NYC** a yon kote k ap byen fasil pou moun wè nan biznis ou a pou kliyan ou yo ka wè li anvan yo antre. Tout moun oblije respekte nouvo règ sa a. Ou ka telechaje kopi afich sa a sou [nyc.gov/keytonyc](https://nyc.gov/keytonyc).



- **Kòmanse aprann fason ou ka aksepte moun montre prèv yo te pran vaksen an.** Sa kapab aplikasyon NYC Covid Safe App la, pass NY State Excelsior Pass la, kat CDC a, oswa lòt dokiman ofisyèl.



- **Mete yon plan alekri sou kijan ou pral mete règ la nan biznis ou disponib pou enspekte si yo ta mande w li.** Plan ou an ta dwe gen kijan ou pral verifye vaksinasyon ni anplwaye yo ni kliyan yo anvan yo antre, oswa tousuit apre yo antre nan biznis ou an.



- **Idantifye ki anplwaye ki pral travay fas-a-fas ak kliyan yo pou w bay yo fòmasyon sou kijan pou yo veirfyè dokiman prèv vaksinasyon yo.**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou règ sa a, tanpri ale sou [nyc.gov/keytonyc](https://nyc.gov/keytonyc).

Si ou se pwopriyetè yon ti biznis epi ou gen plis kesyon, ou ka rele biwo Sèvis pou ti Biznis nan NYC a nan (888) SBS-4NYC (888-727-4692) pou yo ka ede w konprann epi mete nouvo règ sa a an aplikasyon.

